

# Kukanganisa kwaBharami



## Tsamba Yokudzidzisa Na Derek Prince

Kuverenga Kunokurudzirwa:

- Numeri 22-25
- Nhamba 31

Pakungoitarisa zvingaita sekuti nyaya yaBharami, muvuki, yakanyorwa muna Numeri 22-25 haina basa kuvaKristu vanhasi. Zvisineyi, vanyori veTestamente Itsva vanotaura nezvaBharami muzvikamu zvitatu zvakasiyana nguva dzose vaine chinyorwa chenyevero. Saka zviri pachena kuti nyaya yake ine zvidzidzo zvinokosha kuvaKristu.

Barami hunhu hunoshamisa uye hunokatyamadza—musanganiswa unokatyamadza wezvipo zvemweya unoshamisa uye hunhu hwakaora. Zvinokosha, tinoona hushumiri huzhinji mukereke yanhasi nemusanganiswa wakafanana wezvipo zvemweya nehunhu hwakaora.

Nyaya yaBharami inotanga valsraeri vadzika musasa pamuganhu weKenani. Kuvapo kwavo kwakakurudzira kutya muna Bharaki, mambo weMoabhi, ane nharaunda yaiganhurana nemusasa wavalsraeri. Sezviri pachena airangarira valsraeri setyisidziro kuumambo hwake, kunyange zvazvo vakanga vasina kuita chinhu chokururamisa rutyo rwake.

Achinzwa kusakwanisa kutarisana nelsraeri muhondo, Bharaki akasarudza kushandisa zvombo zvemweya kuvarwisa. Akatuma mamwe machinda ake aine muripo wokuvuka mumaoko avo kuti vandodana Bharamu kuti auye azotuka Israeri. So“svikiro” (svikiro kana kuti n’anga) Bharami akanga ane mukurumbira wokutaura zvikomborero kana kuti kutuka zvine muuyo une simba nokuda kwezvakanaka kana kuti zvakaipa.

Bharamu akabva kuPetori muMesopotamia. Akanga asiri mulsraeri. Asi akanga ane zivo yomunhu oga yakananga yaMwari mumwe wechokwadi. Bharaki paakamukumbira kuti atuke valsraeri, iye akapindura akati, “Handingagoni kudarika shoko raJehovha Mwari wangu.” Chimiro cheChirungu, “ISHE” (mumabhii makuru), ishanduro inogamuchirwa yezita dzvene rechiHebheru raMwari, rinoshandurwa kuti “Jehovha” kana kuti “Yahweh.” Bharami aiziva Mwari nezita rake dzvene uye akamudaidza kuti “Mwari wangu.” Nhume dzaBharaki padzakasvika, Mwari

© 1995 - Derek Prince Ministries, International, Inc.

akaudza Bharami kuti asaenda navo uye kuti asatuke valsraeri ( Num. 22:12 )

Mhinduro yaBharaki yakanga iri yekutumira boka guru remachinda anoremekedzwa zvikuru—nechipikirwa chemubairo mukuru zvikuru. Panguva ino Jehovha akapa Bharami mvumo yokuita chinhu chimwe chete: kana varume vakauya kuzokudana ( Num. 22:20 )

Zvisinei, hapana pakanyorwa kuti varume vakauya kuzodana Bharamu zvakare. Asi akaenda, uye nokuda kwokusateerera kwake akamutsa hasha dzaJehovha, uyo akamupikisa parwendo rwake uye akapotsa amuuraya. Zvisinei, pakupedzisira Jehovha akamusunungura kuti aende, asi akagadza murayiro wokuti: “Shoko bedzi randichataura kwauri, ndiro raunofanira kutaura.” ( Num. 22:35 )

Bharaki akagamuchira Bharami akaita gadziriro dzakanyanyisa dzokuti atuke Israeri. Asi nguva imwe neimwe mugumisiro wacho wakanga wakapesana chaizvo. Pamwe chete, Bharami akataura zviporofita zvina zviri pakati pezvakazarurwa zvakanakisa uye zvine simba muMagwaro zvekuzvipira kusingachinjiki kwaMwari kuropafadza Israeri.

Atyisidzirwa naMwari mukuedza kwake kutuka Israeri, Bharami akaronga zano rakasiyana pamusoro pavo (Ona Num. 31:16). Kana vakadzi vechiMoabhi vaigona kunyengedza valsraeri kuti vanamate zvidhori uye unzenza, kwaisazova kuri madikanwa kuvatuka. Mwari pachake aizounza kutonga pamusoro pavo. Zano rechipiri raBharami rakabudirira uye valsraeri 24 000 vakaparara mukutongwa naMwari ( Num. 25:1–9 ).

Muzvose izvi Bharami akaratidza kusapindirana kunoshamisa. Kanopfuura kamwe chete akanga arambidzwa zvakajeka kutuka Israeri. Nechizaruro chesimba guru akanga asimbisa kana chinangwa chaMwari chisingachinji chokuropafadza Israeri uye kutonga vavengi vavo. Asi akaomerera mukusindimara mukubatira pamwe naBharaki, muvengi walsraeri, uye mukuronga ruparadziko rwalsraeri. Zvamazvirokwazvo kwakanga kwakafanira kuti iye anofanira kufa murutongeso rwakafanana navamwe vavengi valsraeri, vakaurawa navalsraeri pamwe chete namadzimambo eMidhiani ( Num. 31:8 ).

Tinotungamirirwa kuti tizvibvunze kuti: Ndeipi vavariro ingave ine simba uye inomanikidzira zvokuti yaizokonzera kuti Bharami aite zvinopesana nokuzarurirwa kwaakanga agamuchira kubva kuna Mwari—kusvika pakuparadzwa kwake kwekupedzisira? Vanyori vaviri veTestamente Itsva vanopa mhinduro yakajeka uye yakananga kumubvunzo uyu.

Achitaura nezvevadzidzisi venhema mukereke, Petro anoti:

> “... vakasiya nzira yakarurama vakatsauka vachitevera nzira yaBharami, mwanakomana waBheori, wakada mubairo wokusarurama...” ( 2 Petro 2:15 ).

Judhasiwo, achitaura nezvevadzidzisi venhema, anoti:

> “Vakamhanya nechido munzira yaBharami kuti vawane mubairo ...” ( Judhasi 1:11 )

Mhinduro iri pachena. Bharami akaedzwa kuti aparadzwe nerudo rwemari. Nokuda kweizvi akanga akazvipira kupa zvipo zvake zvomudzimu zvinoshamisa. Zvimwe akafadzwawo nengwariro yaakagamuchira kubva kuna Mambo Bharaki nemachinda ake. Kuda mari kwakabatana zvikuru nechishuvo chomukurumbira uye simba. Kuchiva kwose uku kunomera kubva muvhu rimwechete: kuzvikudza.

## Zvidzidzo kubva kuna Bharami

Pane zvidzidzo zvitatu zvinokosha zvatinofanira kudzidza kubva munyaya yaBharami.

Chokutanga, Mwari Wemasimbaose akaita chitsidzo chisingachinjiki kuti agadze maJuda sevanhu vake zvachose. Hakuna simba panyika, remunhu kana revasatani, ringakonesa kuzvipira uku. VaJudha vave vasina kutendeka kuna Mwari kakawanda, uye Iye akaunza rutongeso rwakakomba pavari, asi kusatendeka kwavo hakugoni kutongobvisa kutendeka kwaMwari.

Zvakakosha kuona kuti danho iri rinobva kuna Mwari, kwete kuvanhu. MaJuda haana kusarudza Mwari, asi Mwari akasarudza maJuda. Ndine shamwari yechidiki, aimbove muMuslim — ngatimudanei kuti Ali — uyo akatendeuka nemashura kuna Kristu. Mushure mokutendeuka kwake akatanga kutaura kunyunyuta kwake kwose pamusoro pavaJudha pamberi paMwari. Pakupedzisira Mwari vakapindura, “Ali, dambudziko rako harisi pamaJuda. Zviri neni. ndini ndakavasarudza.” Murume muduku iyeye zvino ane ushumiri hunokunda vaMuslim nokuda kwaKristu uye kuvadzidzisa kunyengeterera vaJudha.

Muna Numeri 24:9 uprofita hwaBharami hunozivisa chinhu chinokosha mune ramangwana revanhu nemarudzi. Achitaura kuvalsraeri, anoti:

> “Akakomborerwa anokuropafadza, uye anokutuka ngaatukwe.”

© 1995 - Derek Prince Ministries, International, Inc.

Vanhu nemarudzi zvakafanana vanosarudza magumo avo kazhinji vasingazvizivi nemafungiro avo kumaJuda. Avo vanoropafadza vanoropafadzwa uye vanotuka vakatukwa.

Chechipiri, chimwe chezvombo zvaSatani zvakasimba uye zvinonyanya kubudirira patiri kuda mari. Izvi zvave zviri zvechokwadi kubva pamazuva ekutanga echiKristu kusvika zvino. Shumiro inoperekedzwa nezviratidzo zvine simba zvemweya kunyanya manenji ekuporesa anogona kunge ari nzira yekuita mari.

Muna 2 Vakorinde 2:17 Pauro akasiyanisa ushumiri hwake nehwevazhinji vevaKristu vepanguva yake: Kusiyana nevazhinji, hatitengesi shoko raMwari kuti tiwane mhindu (NIV). Kunyange munguva yaPauro vaKristu vakawanda vakanga vachishandisa ushumiri hwavo kuita mari!

Mari pachayo haina kuipa. Hazvirevi hazvo kuti kutadza kupfuma. Nemasikirwo, mari haina kwayakarerekera. Inogona kushandiswa zvakanaka kana zvakaipa. Asi patinotanga kuda mari, tinobva tabatwa mumusungo waSatani. Muna 1 Timotio 6:9–10 Pauro anoshandisa mutauro wakadzama kutiyambira pamusoro peizvi:

> “Asi vanoshuva kupfuma vanowira mukuidzwa nomumusungo nomukuchiva kwoupenzi kuzhinji kunokuvadza kunonyudza vanhu mukuparadzwa nomukurasikirwa. Nokuti kuda mari ndiwo mudzi wezvakaipa zvose, nokuti vamwe vakarasika pakutenda nokuchiva, vakazvibaya neshungu zhinji.”

Muhushumiri hwangu pachangu ndakagara ndichidzidzisa nezvechirongwa chaMwari chekubudirira vatendi vakazvipira kuzvinangwa zvehumambo Hwavo. Asi ndichitarira shure zvino, ndinozvidemba chero chiitiko chipi nechipi chandakadzidzisa shoko iri ndisingaenzanisi neyambiro yaPauro pano muna 1 Timotio 6. Mupfungwa dzangu, ndinofungidzira vatendi vakakurirwa murudo rwemari sevanhu vatora zvakapinza. , vakaisa munondo muchetura ndokuunyudza munyama yavo. Zvirokwazvo izvi ndizvo zvakaitwa naBharami.

Chechitatu, tinofanira kunzwisisa kusiyana kwezvipo zvemweya nemuchero wemweya. Zvipo zvinomiriirira kugona, asi chibereko chinomiriirira hunhu. Chipo chinouya kubudikidza nekupihwa kumwe kupfupi, asi muchero unouya kuburikidza nemaitiro anononoka ebudiriro.

Kugamuchira chipo chemweya hakushandure hunhu hwemunhu. Kana munhu aidada kana kuti asina kuvimbika kana kuti achinyengera asati agamuchira chipo chemweya, munhu iyeye anenge achiri kudada kana kusavimbika kana kunyengera pashure pokuchigamuchira.

Kugamuchira chipo chakadaro kunowedzera basa remunhu, nekuti kunowedzera simba raanogona kuita pane vamwe. Inotakurawo muedzo wekuona “kubudirira” muhupenyu hwechiKristu maererano nekushandisa zvipo zvemweya pane kukudziridza hunhu hwehumwari. Kunyange zvingaita sezvisinganzwisisike, kana munhu achipiwa zvipo zvakawanda, anobva atofanira kubhadhara zvakanyanya pakurima zvibereko. Kana tapfuura kubva kunguva kuenda kukusingaperi, tichasiya zvipo zvedu kumashure, asi hunhu hwedu huchava nesu nekusingaperi.

Kuti Bharami aive nechiratidzo chakajeka chemagumo akaropafadzwa akamirira vakarurama zvinoratidzwa nemunamato wake:

> “Regai ndife rufu rwowakarurama, Uye kuguma kwangu ngakuve sokwake! ( Numeri 23:10 )

Asi munamato waBharami hauna kugamuchirwa. Akaurayiwa mukutonga kwaMwari pamusoro pevaMoabhi, vane mari yakanga yamuedza kuti aite kuti arwise Mwari.


Chiitiko chaBharami chinopa mufananidzo wakajeka wedzidziso yaJesu muna Mateo 7:21–23:

> “Havasi vose vanoti kwandiri, ‘Ishe, Ishe,’ vachapinda muumambo hwokudenga, asi uyo anoita kuda kwaBaba vangu vari kudenga. Vazhinji pazuva iro vachati kwandiri, ‘Ishe, Ishe, hatina kuprofita muzita renyuwo here, nokudzinga madhimoni muzita renyu uye nokuita zvishamiso zvizhinji muzita renyu iwe; ibvai kwaNdiri imi vaiti vezvakaipa.’”

Kungotaurwa zviri nyore, hapana chinotsiva kuteerera Mwari. Izvozvo zvoga zvinotivimbisa nezvenzvimbo kudenga.

# Tsamba Yokudzidzisa

Transcript: TL-L005-100-SNA
Yapedzisira kuiswa: 20 Nov 2026
Webhusaiti: Derekprince.com/sn/resources




© 1995 - Derek Prince Ministries, International, Inc.